**दिन—सोमवार** **दिनांक—01.04.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे अगिला दस वर्ष मे आर्थिक रूप सँ आत्मनिर्भर बनबाक जरूरत अछि। एहि सँ देश पर वैश्विक परिस्थितिक बेसी असरि नहि पड़त। श्री मोदी भारतीय रिजर्व बैंक के नब्बे वर्ष भेलाक अवसर पर मुंबई मे आयोजित समारोह के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे पछिला दशक मे हुनक सरकार आओर रिजर्ब बैंक द्वारा उठाओल गेल प्रयासक करण बैकिंग क्षेत्र लाभक स्थिति मे अछि। श्री मोदी जनौलनि जे सरकार सार्वजनिक क्षेत्रक बैंकक पूनरूद्धार लेल साढे तीन लाख टकाक पूंजी देलक अछि। कार्यक्रम मे केन्द्रीय वित्तमंत्री निर्मला सीतारामण, वित्त राज्यमंत्री भागवत किशनराव कराड़ आओर पंकज चौधरी आ रिजर्व बैंकक गवर्नर शक्तिकांत दास सेहो छलाह।

---

वित्त मंत्रालय जनौलक अछि जे आइ सँ शुरू भऽ रहल वित्तीय वर्ष मे कर प्रणाली मे कोनो नव बदलि नहि कयल जा रहल अछि। मंत्रालय सोशल मीडिया पर नव कर व्यवस्थाक संबंध मे देल जा रहल सूचना के भ्रामक जनबैत एकर खंडन कयलक अछि। मंत्रालय जनौलक अछि जे नव कर व्यवस्था मुख्य रूप सँ व्यक्तिगत करदाता सभ पर लागू होयत अछि। ई वित्तीय वर्ष दू हजार तैईस—चौबीस सँ डिफॉल्ट व्यवस्थाक रूप मे लागू अछि। करदाता सभ अपन लाभ के देखैत दुनू मे सँ कोनो एक व्यवस्था चुनि सकैत छथि। मंत्रालय जनौलक अछि जे नव कर व्यवस्था सँ बाहर अयबाक विकल्प आकलन वर्ष दू हजार चौबीस—पच्चीस लेल रिर्टन दाखिल करय सँ पहिने चुनल जा सकैत अछि। बिना कोनो व्यवसायिक आयवाला पात्र व्यक्ति लग हरेक वित्त वर्ष लेल कर व्यवस्था चुनबाक विकल्प होयत। कोनो व्यक्ति एक वित्त वर्ष मे नव कर व्यवस्था आओर दोसर वर्ष मे पुरान कर व्यवस्था चुनि सकैत छथि।

---

तेल विपणन कंपनी देश भरि मे उनैस किलोबला वाणिज्यिक एल.पी.जी. सिलेण्डरक दाम मे कटौती कयलक अछि। एहि सँ फराक–फराक शहर मे तीस सँ बत्तीस टका धरि कटौती कयल गेल अछि। उनैस किलोबला कॉमर्शियल एल.पी.जी. सिलेण्डर आब पटना मे दू हजार उनचालीस टका मे भेटत।

———————————————————————————————

भारतीय सूचना सेवाक वरिष्ठ अधिकारी शेफाली शरण आइ पत्र सूचना कार्यलयक प्रधान महानिदेशकक कार्यभार संभारि लेलनि। उनैस सय नब्बे बैचक अधिकारी शेफाली शरण मनीष देसाई के सेवा निवृत भेलाक बाद ई पदक कार्यभार संभारलनि। ओ निर्वाचन आयोग आओर वित्त मंत्रालय मे सेहो काज कयने छथि।

———————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहार मे जमुई सँ एन.डी.एक चुनाव प्रचार अभियान शुरू करताह। श्री मोदी चारि अप्रैल कऽ खैराक बल्लोपुर मे एक जनसभा के संबोधित करताह। लोक जनशक्ति पार्टी, रामविलासक राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवान एक सोशल मीडिया पोस्ट मे ई जनतब देलनि अछि। जमुई लोकसभा क्षेत्र सँ लोजपा रामविलासक अरूण भारती एन.डी. ए उम्मीदवार छथि।

———————————————————————————————

कांग्रेस नेता पप्पू यादव जनौलनि अछि जे ओ आब दू अप्रैलक बदला चारि अप्रैल कऽ पूर्णिया लोकसभा क्षेत्र सँ अपन नामांकन पत्र भरताह। सोशल मीडिया पर एक पोस्ट मे ओ राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद सँ एक बेर फेर पूर्णिया सीट कांग्रेस लेल छोड़बाक आग्रह कयलनि अछि। ध्यातव्य अछि जे ई सीट राजदक खाता मे गेल अछि। एहि लेल श्री यादव पूर्णिया सँ चुनाव लड़य पर अड़िग छथि।

———————————————————————————————

प्रदेश कांग्रेसक प्रवक्ता असित नाथ तिवारी पार्टीक प्राथमिक सदस्यता सँ इस्तीफा दऽ देलनि अछि। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष अखिलेश प्रसाद सिंह के लिखल चिट्ठी मे श्री तिवारी जनौलनि जे ओ व्यक्तिगत कारण सँ पार्टी छोड़ि रहल छथि। ध्यातव्य अछि जे काल्हि कांग्रेसक पूर्व प्रदेश अध्यक्ष अनिल शर्मा सेहो पार्टीक प्राथमिक सदस्यता सँ इस्तीफा दऽ देने छलाह।

---

सेवा मुक्त कयल गेल अतिथि शिक्षक लोकनि आइ पटना मे जमि कऽ प्रदर्शन कयलनि। ई सभ मुख्यमंत्री आवास घेरय जा रहल छलाह। पुलिस पहिने हुनका सभ के रोकबाक प्रयास कयलक, जखन ओ सभ नहि माननलनि तऽ हुनका सभ पर लाठी चार्ज कयल गेल। लाठी चार्जक घटना मे कतेको प्रदर्शनकारी सभ के चोट लागल छनि। ध्यातव्य अछि जे राज्य सरकार काल्हि माध्यमिक विद्यालय सभ मे काज कऽ रहल चारि हजार दू सय संतावन अतिथि शिक्षक सभक सेवा समाप्त कऽ देने छल।

---

बेगूसरायक हरहर महादेव चौक पर पछिला दिन एक निजी बैंक सँ भेल लूट मामिला मे पुलिस तीन अपराधी के तीन देशी पेस्तौल, छओ गोली, एक मोबाईल आओर एक लाख टाकक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

मधेपुरा जिलाक बेतौना गाम मे एक घर मे आगि लागि गेला सँ दू बच्चाक झरिक कऽ मृत्यु भऽ गेलनि। पुलिसक अनुसार घटनाकाल घर मे कोनो पैघ सदस्य सभ नहि छलाह।

एम्हर, बेगूसरायक दिनकर ग्राम सिमरिया स्टेशन लग एक घर मे भोजन बानाबय काल सिलेण्डर बिस्फोट भेला सँ पांच घर जरि गेल।

मधुबनी जिलाक जयनगर थानाक कमला पुल लग पुलिस एक चारि पहिया बाहन सँ ढाई हजार सँ बेसी नेपाली शराब संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।